# Дауэ уафэм сызэрихьэнур?



Вернер Гитт

# Дауэ уафэм сызэрихьэнур?

Цӏыху куэд, уеблэмэ я дунейр зэраухыным егупщысхэри, зэупщӏыжкъым гъащӏэ мыкӏуэщӏым икӏи я нэгу къыщӏагъэхьэркъым я пкъыр лӏа иужькӏэ ахэм Тхьэм и гъусэу гъащӏэ мыкӏуэщӏ зэраӏэнур къазэрыпэщылъым, е ену лӏэуэрэ жэхьэнэмэм зэрыщыӏэнухэм. Америкэм щыщ бзылъхугъэ Дрю Берримор илъэсибл ныбжьым иту «Нэгъуэщӏ планетэлӏ» фильмым щыджэгури цӏэрыӏуэ дыдэ хъуауэ щыташ. Илъэс 28 хъуауэ (езыр 1975 гъэм къалъхуащ), абы жиӏащ: «Си джэдум япэ сэ сылӏэмэ, си хьэдэр абы ирешх. Апхуэдэу, джэдум и пкъым сыхэт нэхъ нэмыӏэми, адэкӏэ сыпсэунщ». Шынагъуэкъэ апхуэдэ щӏэныгъэншагъэр икӏи делагъэ гупщысэкӏэр ажалым ехьэлӏауэ?

Исус и махуэхэм деж Абы къыхуэкӏуэхэрт цӏыху куэд. Ахэр псори зыхуэлъаӏуэр щӏылъэм щыпсэуным ехьэлӏа ӏуэхугъуэхэт:

- **Шын-уэтэпсым зэщӏищта цӏыхуипщӏыр хъужыну хуейт** (Лук. 17:13);
- **нэфхэр къэплъэжыну хуейт** (Мат. 9:27);
- **зыгуэр дэӏэпыкъуэгъу хуейт адэ щӏэиныр гуэшынымкӏэ** (Лук. 12:3-14):
- **гъэунэхуакӏуэ нэпцӏхэр хьилагъэу щӏэупщӏэхэрт: пащтыхьым хьэкълыкъыр етын хуей, хьэмэрэ хуэмей?** (Мат. 2217).

Икӏи мащӏэ дыдэт Исус къыхуэкӏуэр Абы къеупщӏыну уафэм зэрихьэнухэмкӏэ. Зы щӏалэщӏэ гуэр къылъыхъуэрт Исус упщӏэ кърипыну: «Егъэджакӏуэфӏ! Сыт сщӏэн хуейр гъащӏэ мыкӏуэщӏ къэслъэщын папщӏэ?» (Лук.18:18). Иисус абы жриӏащ и мылъкури и гур зыкӏэрыпщӏауэ иӏэ псори ищэжу Езым и ужьым иту кӏуэну. Ауэ щӏалэр икъукӏэ бейт икӏи хуеякъым Исус и чэнджэщым къедэӏуэн, абы къикӏырт ар гъащӏэ мыкӏуэщӏым зыщидзеяуэ. Щыӏахэщ гъащӏэ мыкӏуэщӏ уафэхэм щымылъыхъуэхэри, ауэ Исус хуэзэу ар къащӏа нэужькӏэ, занщӏэу а лъэкӏыныгъэр къагъэсэбэпащ ар зыӏэрагъэхьэн папщӏэ. Псалъэм папщӏэ, Закхей ауэ Исусыр илъагъуну къудейт, ауэ абы игъуэташ езыр зыхуеям нэхърэ нэхъыбэж – Зэкхей деж Исус щыхьэщӏэу щыӏэу, шай ефэхэу ӏэнэм здыпэрысым абы къыӏэрыхьащ уафэр. Исус жиӏащ: ***«Иджыпсту уи унэм и къегъэлыныгъэр къэсащ».*** (Лук. 19:9)

## *Гъащlэ мыкlуэщlыр дауэ зыпэрыбгъэхьэну?*

И щхьэмкlэ щыжытlа псоми къахэкl гупщысэр мыращ:

- Уафэ Тепщэнэыгъэр цlыхум къегъуэтыр зы махуэ хэхам деж. Фэ, щlэджыкlакlуэ лъапlэхэ, фщlэн хуейщ: нобэ дыдэ зыпэрывгъэхьэфынущ Тхьэм фригъусэн щыфлъэкlыну гъащlэ мыкlуэщlыр;
- Уафэ Тепщэныгъэр зыпэрыбгъэхьэныр къалэн гуэрхэр бгъэзэщlэным епхакъым;
- Уафэ Тепщэныгъэм улъыхъуэн папщlэ хуэхьэзырыныгъэ хухэха уиlэн хуейкъым.

Гъащlэ мыкlуэщl къэлъыхъуэным етхьэлlэ ди къарумрэ ди гугъэхэмрэ псыхэкlуадэ хъунущ Тхьэм и Псалъэр тегъэщlапlэ дымыщlмэ. Зы уэрэджыlэ пщащэ гуэрым клоуным теухуа уэрэд цlыкlум деж щигъэбыдэрт, ар уафэм къыщыхутэну, «абы цlыху куэдыр зэригъэгуфlам папщlэ». Зы бзылъхугъэ бей гуэрым, фlыхуэщlэ купсэр зейм, иухуащ бзылъхугъэ тхьэмыщкlэ 20 (тlощl) зыщыпсэуфын унэ, ахэм зы къалэнт яlэр – ахэр махуэ къэс зы сыхьэтым и кlуэцlкlэ Тхьэм елъэlун хуейт а бзылъхугъэ жумартым и псэр къригъэлыну.

## *Атlэ хьэкъыпlэкlэ дауэ уафэм дыкъызэрыщыхутэфынур?*

Ар къыдгуригъэlуэн папщlэ, Исус къиlуэташ мыпхуэдэ хъыбар (Лук.14:16). Зы цlыху гуэрым (хъыбарым деж ар Тхьэр ара хуэдэу щытщ) мурад ищlащ зэхишэну хьэгъуэлlыгъуэшхуэ (ар уафэм и нагъыщэт) икlи цlыху куэдым яхуигъэкlуащ къегъэблагъэ хъыбарегъащlэхэр. Ауэ адэкlэ къэхъуам укъегъэуlэбжьэр. Къригъэблэгъа псоми, зыр зым кlэлъыкlуэу, къахуигъэгъуну лъаlуэхэурэ, хьэгъуэлlыгъуэм къэкlуэн ядакъым: «Икlи къыщlадзащ псоми, зэгурыlуахэм хуэдэу, загъэкъуэншэжу. Япэрейм жиlащ: сэ щlыгу къэсщэхуэхуащ... Етlуанэрейм: сэ випщl къэсщэхуащ... Ещанэрейм: сэ фыз къэсшащ икlи абы къыхэкlыу сынэкlуэфынукъым...». Исус хъыбарыр иухащ къезыгъэблэгъахэу щытам и псалъэхэмкlэ: ***«Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ вжызоlэр, а къезгъэблэгъауэ щытахэм ящыщ зыми зыпуилъхьэнукъым си пщыхьэщхьэшхэр»*** (Лук. 14:24).

Абы къокlыр: Уафэ Тепщэгъуэр икlи зыпэрыбгъэхьэфынущ, икlи пфlэкlуэдыфынущ. Нэхъыщхьэр мыращ – къэтщтэну егъэблэгъэныгъэр хьэмэрэ абы зыпыпlуддзыну. Абы нэхъ къызэрыгуэкl lуэхугъуэ щыlэ? Щыlэу къыщlэкlынкъым. Зэгуэрым дэ тщыщ куэдыр Уафэ Тепщэгъуэм имыхьэфмэ,

ар апхуэдэу къыщIэхъунур абы зэрыкIуэфынур зэрамыщIэр аракъым, атIэ ахэм егъэблэгъэныгъэр IумпIэм зэращIарщ.

Хъыбарым хэта цIыхуищыр дэ щапхъэ тхуэхъу хъунукъым, сыту жыпIэмэ ахэм языхэзми къащтакъым егъэблэгъэныгъэр икIи къэкIуакъым хьэгъуэлIыгъуэм! Ауэ хьэгъуэлIыгъуэр екIуэкIащ! Апхуэдэ мыдэныгъэхэр зыIэрыхьа Зиусыхьэным зэбгретыкIыр егъэблэгъэныгъэхэр дэнэкIи, ауэ ар дыщэпс зытегъэлъэда тхылъ лъапIэкъым, атIэ къыхуеджэныгъэ къызэрыгуэкIщ: «ФыкъакIуэ!» ИкIи а къыхуеджэныгъэр къэзыщта дэтхэнэми къыIэрохьэр хьэгъуэлIыгъуэм деж щIыпIэ быдэ щыхухаха къылъысын хуейр. АтIэ сыт? ЦIыхухэр къокIуэр. Уеблэмэ гуп-гупурэ. Зэман гуэрэ текIауэ бысымым къелъагъу иджыри тIысыпIэ куэд нэщIу зэрыщыIэр! Абы лIыщIэм жреIэр: «КIуэи къытегъанэхэ иджыри къэкIуэнухэр».

Мы хъыбарым Iупщlу къегъэлъагъуэр иджырей ди щыIэкIэр. Уафэм деж щыIэщ тIысыпIэ нэщIхэр икIи Тхьэм дыхуреджэр: «КъакIуэ, къыщыубыд уи тIысыпIэр Уафэм деж. Iущу щыт, щыухуэ гъащIэ мыкIуэщIым деж уи щIыпIэр! ГъэзащIэ ар нобэ!»

Уафэр къэIуэтэгъуейуэ дахащэщ, икIи абы къыхэкIкIэ Исус Христос ирегъапщэр ар хьэгъуэлIыгъуэ бейм. Коринфхэм яхуигъэкIуа япэрей тхыгъэм деж (2:9) уафэм теухуауэ щыжеIэр мыпхуэдэу: ***«Нэми илъэгъуакъым, тхьэкIумэми зэхихакъым, цIыхум и гуми къэкIакъым Тхьэм яхуигъэхьэзырар Ар фIыуэ къэзылъагъухэм».*** Мы щIылъэм зыри теткъым, зы тIэкIунитIэкIэ уафэм хуэбгъадэ хъуну. Абдежым пхуэмыIуэтэну дахащэщ! Уафэр апхуэдизымкIэ лъапIэщи, дэ блэдгъэкI хъунукъым абы дыкъыщыхутэн папщIэ щыIэ зы Iэмали. Тхьэм и къуэ Исус къытхузэIуихащ уафэм и бжэхэр икIи Абы и фIыгъэкIэ абы дыкIуэныр нэхъ псынщIэ тхуэхъуащ. Иджы псори зэлъытар дэ ди гуащIэрщ. АтIэ егъэблэгъэныгъэр къэзымыщтэнур псэкIэ набгъэхэрщ, а хъыбарым хэт цIыхуищым хуэдэу.



# *Къегъэлыныгъэр къокIуэр Исус ХристоскIэ*

Апостолхэм я 1уэхухэр зэрыт тхылъым (2:21) къыщыдогъуэт икъукIэ псалъэ нэхъыщхьэхэр: ***«Зиусыхьэным*** (Исус) ***и цIэр къизыпIуэ дэтхэнэри къелынущ».*** Ар УэсятыщIэм и щIэгъэбыдэныгъэ нэхъыщхьэщ. Павел апостолым, Филиппы къалэм и хьэпсэм щIэсу, хъумакIуэм щепсалъэм мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ иухащ: «Зиусыхьэн Исус ХристоскIэ фIэщхъуныгъэ зигъэIэ, икIи укъелынущ уэри уи унагъуэ псори». (1уэху.16:31). А жыпIэгъуэр кIэщIу икIи зэщIэкъуауэ щытми, абы хузэфIэкIынущ цIыхум и гъащIэ псор ихъуэжыныр. А жэщ дыдэм хъумакIуэм зыкъиумысыжащ икIи Исусым зыхуигъэзащ.

Иджыри IэмалимыIэу тщIэн хуей зы Iуэхугъуэщ мыр: Исус хуейщ дыкъытришыну кIуэдыжыныгъэ мыкIуэщIым, жыхьэнэмэм ухуэзышэ гъуэгум. Библием жеIэр, уафэм деж хуэдэуи, жыхьэнэмэм цIыхухэр ену щыIэну. Зы щIыпIэр икъукIэ телъыджэщ, адрейр – шынагъуэщ. Ещанэ щIыпIэ щыIэкъым. ЦIыхум и псэр хэкIыу дакъикъитху текIа нэужь, зыми жиIэнукъым, ажал нэужьым псори иухауэ. Псори зэрекIуэкIыр Исус ХристоскIэщ. ЩыIэныгъэ мыкIуэщIым дыщыIэныр зэлъытар зы цIыху закъуэщ – Исус закъуэщ икIи дэ абы дызэрыхущытымрэщ.

Зэгуэрым сэ цIыхухэр езгъаджэу Польшэм сыщыIэт, икIи дэ дыкIуащ Освенцим дэт гъэрыпIэм. Ещанэ рейхым и лъэхъэнэм щыгъуэ абдежым щекIуэкIащ къэхъукъащIэ шынагъуэ дыдэхэр. 1942 (минрэ щибгъурэ плIыщIрэ еплIанэ) гъэм нэгъунэ мыбдежым гъуэзрэ мафIэкIэрэ ягъэкIуэдащ цIыху мелуанрэ ныкъуэрэ, журтхэр нэхъыбэу. Тхыгъэм быдэу къинащ «Освенцим и жыхьэнэмэр» жыIэгъуэр. А жыIэгъуэм сэ сегупщысырт, гъуэзыр зыщIаутIыпщхьэу зэ щIыхьэгъуэу цIыху щихым нэс зыщагъэкIуэду щыта пэшым сыщыщIэтым. Ар шынагъуэ телъыджэ дыдэщ икIи нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ. Ауэ ар жыхьэнэмэ дыдэу пIэрэт?

Ди зыплъыхьакIуэ гупым а гъуэз пэшхэр къаплъыхьыфырт, сыту жыпIэмэ абдежым иджы зыри ягъалIэртэкъым икIи ягъэдзыхэртэкъым. А цIыхуншагъэ щIэпхъаджэр зэпаудащ 1945 (минрэ щибгъурэ плIыщIрэ етхуанэ) гъэм. Овенцим и гъуэз жыхьэнэмэр зэманым деж ухыгъэ щиIэщ, атIэ Библием жыхуиIэ жыхьэнэмэр мыкIуэщIщ, енщ.

Освенцим музейм деж си плъэгъуэр техуащ блыным къыщитхъауэ тет жорым. Зы гъэр гуэрым гъущIуIнэкIэ блыным деж къыщритхъат гугъапIэ къезыт жорыр. А сурэтыщIыр, адрей гъэр куэдым яхуэдэу, щыкIуэдащ а гъуэз пэшым деж,

ауэ абы ищӀэрт къегъэлакӀуэ Исусыр. ИкӀи ар мы щыпӀэ шынагъуэм щыхэкӀуэдами, абы хузэӀухащ уафэр. АтӀэ УэсятыщӀэм деж (пс. п. Мат.7:13; 5:29-30; 18:8) Исус Христос тегъэчынауэ дызыщихъумэ жыхьэнэмэм цӀыхур къикӀынут, къимынэнуи Ӏэмал лъэпкъ щыӀэкъым. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ жыхьэнэмэр, Освенцимым хуэмыдэу, «мэлажьэр» ену, икӀи жыхьэнэмэм деж зыплъыхьакӀуэ кӀэщӀ тхуэщӀынукъым.

Уафэри апхуэдэу мыкӀуэщӀщ. Ар Тхьэм дызыхуишэну хуей щыпӀэщ. Абы щхьэкӀэ егъэблэгъэныгъэр къафщти фыкъыхуэкӀуэ Тхьэм. КъифӀуэ Тхьэм и ЦӀэр икӀи къыщывубыд апхуэдэу уафэхэм деж фи щыпӀэхэр!

Зэгуэрым лекцэ нэужьым зы цӀыхубз пӀейтейуэ къызэупщӀащ: «Ӏэмал щыӀэххэ щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀыр пӀалъэр къэмысу къэплъэщыфыну? Ар ещхьщ зыплъыхьакӀуэхэм я купсэм!» Сэ аразы сыдэхъуащ абы: «ПӀалъэр къэмысу и щыпӀэр зымыгъэхьэзырами къехъулӀэнукъым. Гавай хытӀыгум фыкӀуэну фыхуеймэ, гъуэгу тхылъ фиӀэн хуейщ». Ар къызэупщӀащ сэ: «АтӀэ гъуэгу тхылъым пщӀэ щӀэптын хуейкъэ?» – «АтӀэ, уафэм и гъуэгу тхылъым папщӀи – ухуейщ! Ауэ а гъуэгу тхылъым и пщӀэр апхуэдизкӀэ инщи, дэ тщыщу зыми ар хуэтынукъым. Абы пэрыуэр ди гуэныхьхэрщ. Тхьэм зы гуэныхьри щыщигъэӀэкъым Езым и ТепщапӀэм деж. ГъащӀэ нэужьым деж хэт щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀым хэту Тхьэм и уафэхэм деж щыӀэну хуейми, абы зыкӀэрихын хуейщ и гуэныхьэр. Гуэныхьхэм уакъыхэзышыфынур гуэныхьыншэрщ – икӀи ар Исус Христосщ. Езы закъуэрщ дыкъэзыщэхужыфынур! Езым и лъымкӀэ пщӀэр итащ Абы, ажалыр Жорым деж къыщищтэкӀэрэ».

АтӀэ сыт сэ злэжьын хуейр уафэм деж щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀыр къэслъэщын папщӀэ? Дэ тщыщ дэтхэнэми Тхьэм зыкъыхуегъэзэр Къелыныгъэм дыкъыхуриджэу. Библием щыщ щыпӀэ куэдым дыхураджэр Тхьэм и джэныгъэм жэуап еттыну:

- ***«ФыхущӀэкъу куэбжэ зэвымкӀэ фызэрыдэхьэным».*** (Лук. 13:24)
- ***«Зыкъэвумысыж, сыту жыпӀэмэ къэблэгъащ Уафэм и Тепщэныгъэр»*** (Мат. 4:17).
- ***«Фыдыхьэ куэбжэ зэвымкӀэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ кӀуэдыпӀэм хуэунэтӀа куэбжэр быхъущ икӀи гъуэгур бгъуфӀэщ, икӀи куэдыр щызокӀуэр абыкӀэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ гъащӀэм хуэунэтӀа куэбжэр зэвщ икӀи гъуэгур бгъузэщ, икӀи мащӀэщ ахэр къэзыгъуэтыр».*** (Мат. 7:13-14).



- ***«Зыщыıыгъ гъащıэ ену укъызыхураджам»*** (1 Тим. 7:12).
- ***«Зиусхьэн Исус Христоскıэ фıэщхъуныгъэ зигъэıи укъелынущ...»*** (Iıэху. 16:31).

А псори – икъукıэ щıэгъэбыдыхьа икıи тегъэчына егъэблэгъэныгъэхэщ, дэ къытхуэгъэза къыхуеджэныгъэхэщ. Ахэм къахощ ди щытыкıэм и щыпкъагъэри, тегушхуэныгъэри икıи зэгъэтıылъэкıыпıэ зэримыıэри, икıи а егъэблэгъэныгъэм и жэуап тэмэм закъуэ хъуну лъэбакъуэщ мыпхуэдэу ıункıэ хъуну тхьэлъэıур:

«Зиусхьэн Исус, иджыри къэс сыпсэуащ, Уэ ущымыıэ хуэдэу, ауэ нобэ сэ укъэсщıащ Уэ икıи япэ дыдэу зыпхуэзгъэзэну сыхуейщ Уэ тхьэлъэıукıэ. Иджы апхуэдэ къабзэуи сощıэр зэрыщыıэр жэнэтри жыхьэнэмэри. Сынолъэıу Уэ си гуэныхьхэмрэ Уэркıэ фıэщхъуныгъэ зэрызимыıамрэ сахуэзэмэ жыхьэнэмэм сыкъебгъэлыну. Сэ иджыпсту сиıэр зы хъуапсапıэщ – зэгуэрым уафэхэм сыкъыщыхутэу Уэ ену абдежым сыщыуигъусэну. Сэ сощıэр си цıэрыıуагъэкıи сыт хуэдэ си ıуэхущıафэкıи Уафэхэм деж щыıэпıэ къызэрызмылъэщыфынур, Ауэ Уэркıэ фıэщхъуныгъэ сиıэм къызэрысхузэıуихынур Уафэм хуэкıуэ гъэуэгур. Сыт щхьэкıэ жыпıэмэ Уэ фıыуэ сыкъыболъагъу, сыт щхьэкıэ жыпıэмэ Уэ сэ щхьэкıэ утелıыхьащ жорым, Уэ къэпщтащ си гуэныхьхэр икıи Уи ажалымкıэ сэ сыкъэпщэхужащ. Сэ фıыщıэ Уэ пхузощıыр абы папщıэ. Уэ уолъагъу си гуэныхь псори – сыкъызэралъхурэ щыщıэдзауэ иджыпсту нэгъунэ. Уэ уощıэр си гъащıэ псом и кıуэцıкıэ злэжьа гуэныхь псори: сэ сцıыхуж псори, сэ куэд щıауэ сщыгъупщэжахэри. Уэ уощıэр сэ щхьэкıэ псори. Уэркıэ нахуэщ си гум щыхъэ псори: ирехъу ар гуфıэгъуэ е гуıэгъуэ, аразыныгъэ е гукъыдэжыншагъэ. Уэ Уи пащхьэм деж сэ тхылъ зэıухам сыхуэдэщ. Сэ сызэрыщытам хуэдэу икıи иджыри къэс сызэрыпсэуам хуэдэу сэ сиувэ хъунукъым Уи пащхьэми Тхьэ псэум и пащхьэми, икıи сы-

къыщыхутэфынукъым Уафэхэм. Абы къыхэкіыу сэ сынолъэіу Уэ: къысхуэгъэгъу сигу псомкіи сызыхущіегъуэж си гуэныхь псори. Мы дакъикъэм къыщыщіэдзауэ сэ Уэ укъызолъытэр си Унафэщіу. Щіэгъэувэ си гъащіэр Уи унафэм. Сэ сыхуейщ сыпсэуну Уэ узэрыхуейм хуэдэу. Кхъыіэ, къыздэіэпыкъу Уэ сыуигъусэным зэран хуэхъуу скіэрылъ псори скіэрылъэлъу къабзэ сыхъужынымкіэ. Къысхэлъхьэ уэркіэ къабыл щытыкіэщіэхэр. Къысхузэіух Уи псалъэм – Библием – и щыпкъагъэхэр. Къыздэіэпыкъу абыкіэ (Библиемкіэ) къызжепіэну узыхуейр къызгурыіуэнымкіэ, икіи дауэ абыкіэ къызэрызгъуэтынур гъащіэ къаруущіэхэри гъащіэ гуфіэгъуэри. Иджыпсту къыщыщіэдзауэ сэ сыіэщіэлъыну сызыхуей си зиусхьэныр Уэращ. Кхъыіэ, сыгъэлъагъу сэ иджы сызырикіуэну гъуэгур. Сэ фіыщіэшхуэ пхузощіыр Уэ сэ сыкъызэрыхэпхам щхьэкіэ. Сэ си фіэщ мэхъур Уи гъэгугъэныгъэхэр: ахэм къагъэлъагъуэр Уэ зыпхуэзгъазэкіэрэ Тхьэм и сабий сызэрыхъуар икіи зэгуэрым Уэ сыуигъсэу ену Уафэм сызэрыщыіэнур. Насып ин дыдэщ икіи гуфіэгъуэщ иджы къыщыщіэдзауэ гъащіэм и сыт хуэдэ щытыкіэм дежи дакъикъэ къэси Уэ узэрызигъусэр зэрызэхэсщіэр. Кхъыіэ, апхуэдэ къабзэу къыздэіэпыкъу Уэркіэ фіэщхъуныгъэ зиіэ икіи Библием ирипсэу ціыхухэр гупу щызэхуэс, Тхьэ Псалъэр сыт щыгъуи щызэхэсхыну купсэр къэзгъуэтынымкіэ. Амин».



Профессор, техникэ щіэныгъэхэм
я доктор Вернер Гитт.

Title of the original edition: Wie komme ich in den Himmel?
Author's homepage: www.wernergitt.de

Bruderhand-Medien
Am Hofe 2, 29342 Wienhausen, Germany
Tel.: +49 (0) 51 49 98 91-0, Fax: -19
E-Mail: info@bruderhand.de, Homepage: bruderhand.de

Nr. 120-70: Circassian (Cyrillic), edition 2021